| | |
|---|---|
| Aldebaran | 4500 |
| Betelgeyze | 3000 |

**Tapsırmanı orınlaw**

| **Juldızlar** | T, K | l , sm | Reńler |
|---|---|---|---|
| Mintaka | 30000 | 9.67E-06 | Kógildir |
| Spika | 20000 | 1.45E-05 | Xawayı reń |
| Sirius | 10000 | 0.000029 | Aq |
| Procion | 8000 | 3.63E-05 | Ashıq sarı |
| Quyash | 6000 | 4.83E-05 | Sarı |
| Aldebaran | 4500 | 6.44E-05 | Qızǵısh-sarı |
| Betelgeyze | 3000 | 9.67E-05 | Qızıl |







Solay etip xabar-kommunikaciya texnologiyaları pedagogikalıq texnologiyanıń bir bólimi bolıp, ol bilimlendiriw processinde texnikalıq qurallardıń zamanagóy túri sıpatında qollanılıp baslandı. Házirgi waqıtta xabar-kommunikaciyalıq texnologiyalar biz biletuǵın texnologiyalar ishinde jetekshi orın iyeleydi. Sonlıqtan jaqın keleshekte respublikamızdaǵı barlıq oqıw orınların kompyuter menen jeterli dárejede támiyinlew mashqalası payda boldı. Demek, xabar texnologiyalar tiykarında oqıwshılardıń biliw iskerligin támiyinlew hám basqarıw imkaniyatı tuwıldı, al oqıtıwshınıń eń jaqın járdemshisine aylanadı.

## Ádebiyatlar

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ахборот технологиялари соҳасида таълим тизимини янада такомиллаштириш, Илмий тадқиқотларни ривожлантириш ва уларни IT – индустрия билан интеграция қилиш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4851-сонли Қарори. 06.10.2020. lex.uz

2. Гомулина Н.Н.. Применение новых информационных и телекоммуникационных технологий в школьном физическом и астрономическом образовании. Дис … канд. пед. наук. – М.: МПГУ. 2003. –С. 332.

3. Embergenova K. Astronomiya kursini o‘qitish samaradorligini oshirishda pedagogik texnologiyalar. // Вестник КГУ им.Бердаха. –Нукус: 2020. -№4(49). –С. 128-130.

4. Матжанов Н.С., Ембергенова К. Развитие информационных технологий в системе образования // «Умумий ўрта таълим тизимида табиий фанлардан электрон ресурсларни яратиш ва уларни тадқиқот қилиш муаммолари ва ечимлари» мавзусидаги Республика миқёсидаги илмий-амалий анжуман. –Тошкент: ТДПУ, 2020. 162-164-б.

5. http://www.astronet.ru/db/msg/1197692.

**REZYUME**

Ushbu maqolada axborot-kommunikatsion texnologiyalarning dars jarayonidagi afzalliklari, tálim tarbiya jarayonida o‘qituvchining pedagogik mahorati haqida so‘z yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются преимущества информационно-коммуникационных технологий в учебном процессе, педагогические навыки учителя в учебном процессе.

**SUMMARY**

The article discusses the advantages of information and communication technologies in the educational process, pedagogical skills of a teacher in the educational process.

# GEOGRAFIYA PÁNIN OQÍTÍWDA DIDAKTIKALÍQ OYÍNLAR TEXNOLOGIYASÍNAN PAYDALANÍW

**R.T.Gaypova –** *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*
**E.T.Tolepov –** *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so’zlar:** geografiya, usul, bilim, malaka, tajriba, pedagogik texnologiyalar, natija.
**Ключевые слова:** география, метод, знание, навыки, опыт, педагогические технологии, результат.
**Key words:** geography, method, knowledge, skills, experience, pedagogical technologies, result.

Respublikamızda hámme tarawlarda ásirese bilimlendiriw tarawına úlken itibar qaratılmaqta. Sonıń ishinde geografiya páninde de jańadan-jańa ózgerislerge alıp keldi. Házirgi kúnde ulıwma bilim beretuǵın orta mekteplerde geografiya pánin oqıtıw mazmunı ózgerip hám bayıp barmaqta. Onı tereń úyreniw ushın keń imkaniyatlar payda boldı. Mekteplerde ótilip atırǵan sabaqlar oqıwshılardı turmısqa, miynetke tayarlawǵa qaratılǵan. Bunıń ushın tálim procesinde hám tálim metodların ámeliy shınıǵıwlardıń iskerligin aktivlestiriw, alǵan bilimlerden ámelde dóretiwshilik jumislarǵa paydalaniwǵa óz aldına itibar beriw kerek.

Geografiya pánin úyreniwde pedagogikalıq hám innovaciyalıq texnologiyalardıń ornı úlken áhmiyetke iye bolıp, ol óz gezeginde geografiya sabaqların jańa zamanagóy metodlar járdeminde oqıtıw maqsetke muwapıq ekenligin kórsetpekte.

Bilimlendiriw tarawında tálim-tárbiyanıń mazmunı, maqseti hám wazıypaları dáwirler ótiwi menen keńeyip barıwı nátiyjesinde onıń turleri hám usılları da rawajlanıp, házirgi waqıtta insan iskerliginiń tiykarǵı baǵdarları sol iskerlikten kózde tutılǵan maqsetlerdi tolıq ámelge asırıw múmkinshiligin beretuǵın pútin sistemaǵa, jańa texnologiyalarǵa aylanıp baratır.

Demek, ulıwma bilim beretuǵın orta mekteplerinde geografiya pánin zamanagóy tálim texnologiyaları tiykarında alıp barıwda ınteraktiv usıllardan hám de oyınlardan paydalanıw áhmiyetli ról oynaydı. Oqıtıwdıń interaktiv usılı járdeminde oqıw procesin tuwrı shólkemlestiriw kerek, bunda klassta tálim alıwshılardıń oqıw, bilim alıw procesine tolıq qosıladı. Olar ózleri oylagan hám bilgen barlıq túsinikleri haqqında erkin oylaw múmkinshiligine iye boladı. Yaǵnıy tema materiyallarıń túsindiriw hám ózlestiriw procesinde oqıwshı hám oqıtıwshılardıń birgeliktegi iskerligi nátiyjesinde sabaq procesi shólkemlestiriledi. Bul processte oqıwshılar ózleriniń óz aldına individual úlesin qosadı. Oqıwshılar óz pikirleri, bilim iskerligi, dúnyaqarası jańa temaǵa tiyisli bolǵan kózqarasları menen bólisedi. Bul process oqıwshılardıń óz ara qollap-quwatlawı menen ámelge asadı.

Geografiya sabaqlarında didaktikalıq oyınlı texnologiyalardan paydalanıwdıń tiykarın oqıwshılardıń jedellestiriwshi hám ózine isenim iskerligin payda etedi. Oyınlar túrli maqsetlerge baǵdarlanǵan boladı. Olar didaktikalıq, tárbiyalıq, iskerlikti rawajlandıratuǵın hám sociallıq maqsetlerde qollanıladı. Oyınnıń didaktikalıq maqseti bilimler sheńberi, biliw iskerligi, ámeliy iskerliginde bilim, tájriybe hám kónlikpelerdi qollanıw hámde alınǵan bilimlerdi jáne de keńeytiwge qaratılǵan boladı [1].

Didaktikalıq principlerdi esapqa alǵan halda, oqıwshılarǵa tek ǵana faktlardıń qatań ilimiy bayanın berip emes, bálki oqıtıwdıń túrli qızıqlı metodların da qollanıw maqsetke muwapıq. Mısalı, kópshilikke belgili bolǵan krossvord oyını oqıwshılarda qızıǵıwshılıq oyatıwı tábiyiy bolıp tabıladı. Krossvord kórinisindegi soraw forması oqıwshılar ushın mudamı qızıqlı hám ózine tartatuǵın metod bolıp tabıladı. Bul oyınlı metod formasınnan paydalanılǵanda sabaqta tek ǵana kúshli oqıwshılar ǵana emes, bálki passiv oqıwshılar da aktiv qatnasadı. Sabaq barısında bunnan basqa da oqıwshılardı qızıqtıratuǵın metod formalarınan paydalansa boladı, yaǵnıy geografiyaǵa tiyisli jumbaqlardan da paydalanıw jaqsı nátiyje beredi hám bunıń nátiyjesinde oqıwshılardıń oylaw qábileti artıp baradı. Bul qızıqtıruwshı metodlardan paydalanǵanda, oqıtıwshı sabaqtı maqsetli shólkemlestiriwdi rejelestiredi, yaǵnıy krossvord, geografiyalıq jumbaqlardı pánniń mazmunına uyqas tayarlawı kerek boladı.

Bunnan basqa da geografiya pánine baylanıslı oqıwshılardı usı pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıratuǵın didaktikalıq metodlar kóplep ushırasadı. Geografiya pāninde didaktikalıq oyınlar texnologiyası oqıwshılardıń bilim dóretiwshiligin jetilistiriwde tiykarǵı usıllardıń biri sıpatında aldınnan qollanılıp kelinedi.

"Kim kóp biledi" oyını. Bul oyındı geografiya pániniń qálegen temasın úyreniwde qóllawımızǵa boladı.

Oyındı shólkemlestiriw texnologiyası: Hár bir oqıwshı qandayda bir tema kóleminen kelip shıǵıp mashqalalı soraw dúze alıwı kerek. Sorawlar jazılǵan qaǵazlardı oqıtıwshıǵa tapsıradı, klass oqıwshıları eki toparǵa bólinedi. Basqarıwshı qollardı sanap, hár birine 1 balldan qoyadı. Hár bir sorawǵa bir oqıwshıdan juwap soraladı. Eger juwap nadurıs bolsa sol topardan bir ball alıp taslanadı, qaysı topar kóp ball toplasa, sol topar jeńimpaz boladı.

"Dawıs shıǵarmastán tabıw" oyını. Oyındı baslawdan aldın oqıwshılarǵa oyın qaǵıydaları túsindiriledi, oyında aktiv qatnasqan hám shártlerin tez orınlaǵan oqıwshıǵa baha qoyıladı. Oyın mazmunında oqıtıwshı qandayda bir obyekt atın aytadı. Oqıwshı oqıw quralınan sol obyektti geografiyalıq kartadan yamasa atlastan izleydi.

Oyınnıń barısı: obyektti tapqannan keyin oqıwshı qolın kóteredi, oqıtıwshıǵa ózi tapqan obyektti kórsetedi, oqıwshı qolı menen obyektti uslap turmawı kerek, sebebi qasındaǵı bala odan kórip alıwı hám paydalanıwı múmkin. Sol sebepli obyektti tapqan oqıwshı orınnıń atın yadında saqlawı kerek. Oqıtıwshı aldın tapqan hám qolın kótergen oqıwshınıń aldına barıwı hám tekserip kóriwi kerek. "Men taptım" dep dawıs shıǵarǵan oqıwshılardıń tapqanı esapqa alınbaydı, bul haqqında oqıwshılar eskertilip tómendegi oyında obyektti birinshi bolıp tapqan oqıwshı onı geografiyalıq karta yamasa atlastan kórsetiwi kerek. Basqa oqıwshılar qanshelli úyrenip alǵanın sınap kóriw ushın olardan da obyekt soraladı. Obyektti tapqan oqıwshı otırǵannan keyin oqıtıwshı jańa obyekt atın aytadı. Nátiyjede, oyın dawam etedi. Bul didaktikalıq oyın túri ásirese "Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası", "Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiya"sı pánlerinde paydalanıw júda jaqsı nátiyje beredi.

"Bes minut" oyını. Bul oyındı geografiyada qálegen temanı úyreniwde qollanıw múmkin. Oqıwshılardı stol átirapında sonday jaylastırıw kerek, bir-biriniń ne jazıp atırǵanların kórmewi kerek. Oyındı oqıtıwshı yamasa aǵla oqıwshı basqarıp barıwı múmkin. Ol wazıypanı tańlaydı. Oqıwshı bes minut ishinde tapsırılǵan tapsırmanı orınlaydı. Oqıwshılar jazıwdı bir waqıtta tamamlawı shárt. Mısalı, geografiyadan orın atları bolsa eń kóp at jazǵan jáne oǵan anıqlama bergen oqıwshı jeńimpaz esaplanadı.

"Tartıs" (diskussiya) metodı. Tartıs oyınıń ótkeriw ushın teması anıq bolıwı kerek.

Alıp barıw texnologiyası: geografiyadan atmosferanıń pataslanıwın alatuǵın bolsaq bul boyınsha 15-20 qısqa sorawlar oqıwshılarǵa berilip, klass oqıwshıları 3-4 oqıwshıdan toparlarǵa bólinedi. Toparlardıń sorawlarǵa juwabı talqılanadı hám tartıs baslanadı. Tartısta hár bir topar aǵzası qoyılǵan máseleler haqqında óz pikirin bayanlaw huqıqına iye. Baslawshı hám 3 adamnan ibarat ekspert topar barlıq juwaplardı analizlep, eń maqul túsetuǵın juwap variantların anıqlaydı hám mashqalanı sheshiwdiń optimal variantı anıqlanıp, tartısqa juwmaq jasaladı.

Ulıwma bilim beriw mektepleriniń 8-9 klasslarında oqıtılatuǵın ekonomikalıq hám sociallıq geografiya kursları boyınsha da individual hám toparlı didaktikalıq oyınlardı islep shıǵıw múmkin:

Mısalı, siyasiy kartada mámleketlerdi tabıw boyınsha oqıwshılarǵa kartochkalar tarqatıladı. Bunıń ushın dáslep oqıwshılar 2 – toparǵa ajıratıladı. Soń oqıtıwshı tárepinen hár bir topardan bir oqıwshıdan shıǵarıladı. Kim qısqa waqıt ishinde qolındaǵı kartochkaǵa jazılǵan mámleketti kartadan tawsa, sol topar aǵzaları jeńimpaz boladı. Bunda oqıwshılardıń siyasiy karta hám mámleketlerdi geografiyalıq orınları haqqında kartadaǵı bilimleri tekseriledi [2].

Bunnan basqa da hár bir mámlekettiń bayraqlarına qarap ta kartadan qaysı mámlekettiń bayraǵı ekenligin anıqlaw boyınsha oyınlar shólkemlestiriwge boladı.

Bul didaktikalıq oyınlı metodlar oqıwshılardı kóriw, tapqırlıq, dóretiwshilik, pikirlew qábiletin rawajlandıradı. Oqıwshılardıń bilim, kónlikpe hám tájiriybelerin asıradı. Oqıwshılardı ózbetinshe islewine túrtki boladı. Oqıwshılar qanshelli óz ústinde islese, olardıń pikirlew sheńberi keńeyedi hám de bilim dárejesi artadı.

Juwmaqlap aytqanımızda, sabaq procesinde didaktikalıq oyınlardı shólkemlestiriw sabaq nátiyjeliligin arttıradı. Oqıwshılardıń ózbetinshe pikirlew, óz ustinde islewge, pánler aralıq baylanıslardı baylanıstırıw kerekligin túsinip jetedi. Geografiya sabaqlarinda didaktikalıq oyınlardıń áhmiyeti úlken ekenligin, onnan sabaq waqtında paydalansaq, oqıwshılarımızdıń ózbetinshe islewine biz oqıtıwshılar úlken imkaniyatlar jaratqan bolamız. Sebebi, hár bir pánnen berilgen teoriyalıq bilimlerdi bekkemlewde ámeliyattıń ornı júdá úlken.

## Ádebiyatlar


1. Pancheshnikova L.M. Metodika obuchniya geografii v sredney shkole pod red. –Moskva: «Prosveshenie». 1998.
2. Vaxabov X., Gaypova R., Tursınov M. Geografiyanı oqıtıw metodikası: oqıw qollanba. -Nókis: «Bilim» 2010.

**REZYUME**

Ushbu maqolada didaktik o'yin texnologiyalaridan foydalangan holda maktab geografiya darslarida o'quvchilarning bilim, ko'nikma va malakalarini shakllantirish usullarini takomillashtirish, shuningdek, fikrlash darajasi va dars samaradorligini oshirishga e'tibor qaratiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье речь пойдет о повышении уровня мышления и результативности урока, а также о совершенствовании путей формирования знаний, умений и навыков учащихся на школьных уроках географии с использованием дидактических игровых технологий.

**SUMMARY**

This article focuses on improving the level of thinking and effectiveness of the lesson, as well as on improving the ways of forming students ' knowledge, skills and abilities at geography lessons using didactic game technologies.

## KONSTRUKTIV MASALALAR YECHIMINI ANIQLASHNING ENG QULAY USULI

**B.T.Ismoilov** - *o'qituvchi*
*Termiz davlat universiteti*

**Tayanch so'zlar:** shaxs, suyuqlik, idish, konstruksiya, konstruktiv masala, matematik kompetentlik.
**Ключевые слова:** личность, жидкость, прибор, конструкция, конструктивная задача, математическая компетентность.
**Key words:** personality, liquid, device, design, constructive problem, mathematical competence.

**Kirish** Shaxs va davlat(jamiyat) o'rtasidagi aloqa ikki tomonlama xususiyatga ega. Shu bois har qanday davlat(jamiyat) o'z fuqarolarining yaxshi yashashi, mehnat qilishi, iqtidori va salohiyatini ro'yobga chiqarish, uni namoyon eta olishi uchun yetarli darajada shart-sharoitlar yaratib bera olishi lozim.[1:8]

Quyida, boshlang'ich sinf matematika darsliklaridagi suvga(suyuqlikka) bog'liq bo'lgan, bo'lajak boshlang'ich sinf o'qituvchilarining matematik kompetentligini rivojlantirishga xizmat qiluvchi konstruktiv masalalar va ularning yechimlarini bayon etamiz. Qurilishi suvga bog'liq bo'lgan konstruktiv masalalarni boshlang'ich sinf matematika darsliklarida yetarlicha uchratish mumkin. Ushbu konstruktiv masalalarning yechimi aksariyat hollarda suyuqlikni bir idishdan ikkinchi idishga quyish orqali bajariladi. Keltirilgan masalalarning quvonarli jihati shundaki, ushbu konstruktiv masalalar mohiyatiga kundalik hayotimizda kutilishi mumkin bo'lgan muammolar(masalalar) mohirlik bilan singdirilgan.

2016 -yilgi 3-sinf matematika(Burxonov va …) darsligida berilgan(836-masala) konstruktiv masalaning yechimiga olib boruvchi eng qulay usulni aniqlash masalasi, tadqiqotimizda yechilishi lozim bo'lgan muammo sifatida olindi.

**Asosiy qism** 2016-yilgi 3-sinf matematika darsligida berilgan 836-masalaga o'xshash bo'lgan konstruktiv masalalar uchun, umumiy qonuniyat yaratish orqali bo'lajak boshlang'ich sinf o'qituvchilarining matematik kompetentligini yuqori darajada rivojlantirish mumkin.

**Umumiy masala** Juft hajmli idishdagi suyuqlikni, hajmlari yig'indisi berilgan juft hajmli idish hajmiga teng bo'lgan toq hajmli ikkita bo'sh idish yordamida teng ikki qismga ajratish masalasi.

Ushbu masalaning yechimini aniqlash uchun quyidagi metodni taklif etamiz.

**Tavsiya etilgan metod** Mazkur metod orqali masala yechimini aniqlash quyidagi bosqichlarda amalga oshiriladi:

**1-bosqich.**1-bosqichda berilgan masaladagi idishlarni quyidagicha nomlab oling.

- Juft hajmli idish – birinchi idish.
- Toq hajmli idishlardan hajmi kattasi – ikkinchi idish.
- Toq hajmli idishlardan hajmi kichigi – uchunchi idish.

**2-bosqich.** Masala shartida berilgan suyuqliklarning idishlarda ko'rinishi 4 xil holatda nomoyon bo'ladi. Mazkur holatlarga 3-idishga nisbatan qarang.

1-holat. 3-idishda suyuqlik mavjud emas.

2-holat. 3-idish suyuqlikka to'la.

3-holat. 3-idishda suyuqlik mavjud, biroq to'la emas(2-idish suyuqlikka to'la bo'lgan vaziyat).

4-holat. 3-idishda suv mavjud, biroq to'la emas(2-idish bo'sh bo'lgan vaziyat).

**3-bosqich.** Ushbu bosqichda quyidagi qoidalarga amal qilgan holda masala yechimini aniqlang:

1-qoida. Agarda 3-idish bo'sh bo'lsa, 1-idishdan faqat 3-idishga suyuqlikni quying, 2-idishga quyishingiz tafsiya etilmaydi.

2-qoida. 3-idish suyuqlikka to'lib turgan bo'lsa, undan 2-idishga suyuqlikni quyib oling, ushbu jarayonda 3-idishda suyuqlik qolmaganda keyingi qadam uchun 1-qoidani qo'llang.

3-qoida. 2-idish suvga to'la bo'lib, 3-idish suvga to'la bo'lmasdan, biroq unda suv mavjud bo'lsa, u holda 2-idishdagi suvni 1-idishga quyib oling va keyingi qadamda 4-qoidadan foydalaning.

4-qoida. 2-idish bo'sh, 3-idish suvga to'la bo'lmasdan, biroq unda suv mavjud bo'lsa, u holda 3-idishdagi suvni 2-idishga quyib oling va keyingi qadamda 1-qoidadan foydalaning.

Yuqorida aytib o'tilgan qoidalarning har biri bittadan holatga mos keladi, Masala yechimiga erishish uchun birinchi holatda 1-qoidadan, ikkinchi holatda 2-qoidadan, uchunchi holatda 3-qoidadan, to'rtinchi holatda 4-qoidadan foydalaning.

**Tajriba sinov ishi** Quyida 2 ta masalani tavsiya etilgan metod orqali tajribadan o'tkazib ko'ramiz.

**1-masala.** 8 litrli idish suvga to'lib turibdi, 3 va 5 litrli bo'sh idishlar yordamida sutni 4 litrdan qilib teng taqsimlang.[2]